Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи



www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 51 (6683) 2 декабрь 2019 с. Итни РабигIул ахир 1441 с. Багъа - эркенаб

БАРКИ

## 3 декабрь – инвалидазул халкъазда гьоркьосеб къо

**Лъабабилеб декабралда тIобитIула инвалидазул халкъазда гьоркьосеб къо. Бокьун буго сакъатлъарал, жидеца къохIехьеялъул мисал бихьизабулел гIадамазе гьаризе сахлъи, рохел, халатаб гIумру. ТIалаб-агъазалъ сверун ккураллъун, кинабго рахъалъ кумек щвараллъун хутIаги районалда сакъатал гIадамал.**

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

ИСЛАМАЛЪ ГЬАВУЛА ИНСАНЛЪУН ИНСАН

## «ИчичIали», «ЧIиркъатIа», «Бакълъухъ», «Аргъвани» къокъабазул мавлидал ва назмаби

### РабигIул аввалалъул хIурматалда МахIачхъалаялда тIобитIана бакълъулазул мажлис

**МахIачхъалаялда шайих Зайнула Шарифил цIар кьураб мажгиталъуб тIобитIана рабигIул аввал моцIалъе сайгъат гьабураб бакълъулазул мажлис.**

Мажлисалда гIахьаллъана Йеменалдаса хIафиз Ибрагьим аз-Зубажи, СаййидмухIаммад-хIажи Абубакаровасул цIаралда бугеб фондалъул председатель ХасмухIамад-хIажи Абубакаров ва цогидалги.

Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул цIаралдасан киназдаго саламалъулал рагIабиги абун, баркиялъулаб кIалъай гьабуна гьесул заместитель МухIамад Хъарагишиевас. ВагIзаби гьаруна Йеменалдаса хIафиз Ибрагьим аз-Зубажица, ДРялъул Муфтияталда цебе бугеб лъайкьеялъул отделалъул Гумбеталда вугев нухмалъулев Ражаб Ханмирзаевас, районалъул имам МухIамад МухIамадовас, ДРялъул Муфтияталъул хIалтIухъан Муслим ГIумаровас, Хасавюрт шагьаралъул имамзабазул Советалъул нухмалъулев Эсенбулат ЯхIяевас, гIелмабазул доктор Шигьабудин ХIусейновас ва цогидазги. Гьединго кIалъазе рахъана гурхIел-рахIмуялъул «Инсан» фондалъул Бакълъулазул районалъул филиалалъул нухмалъулев Камил Якъубов, Игьали росдал имам ХIасан МухIамадов ва цогидалги.



Бакълъулазул районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Зубайировасул хIаракаталдалъун муниципалитеталъул лъималазда гьоркьоб тIобитIана МухIаммад аварагасул (с.т.гI.в.) хIадисал лъазариялъул конкурс. Конкурсалда тIоцебесеб, кIиабилеб, лъабабилеб бакI ккурал ясазул вакилзабахъе кьуна тIахьал, гIарац ва цогидалги сайгъатал. Балагьаразул рекIее гIеялъул призги чIезабун букIана.

Хирияб Къуръаналъул аятал цIалана диниял конкурсазда бергьарав МахIачхъалаялъул централияб мажгиталъул будун Шамил Батирмирзаевас. МухIаммад аварагасул (с.т.гI.в.) гIумруялъул хIакъалъулъ назмаби, мавлидал ахIана «ИчичIали», «ЧIиркъатIа», «Бакълъухъ», «Аргъвани» группабаз.

Ахиралда ХасмухIамад – хIажи Абубакаровас дугIа гьабуна.

**«Гумбет» РИО**

ГIЕЛМУ-ХАЗИНА

## Школалъул тIох лъуна, нуцIби, гордал хисана...

### Капиталияб ремонталдаса хадуб рохалида рагьана Гьарадирихъ гьоркьохъеб школа

**26 ноябралда рохалилаб ахIвал-хIалалда ана республикаялъулаб «100 школа» программаялда рекъон капиталияб ремонтги гьабун, Гьарадирихъ гьоркьохъеб школа рагьиялъул тадбир.**

Бакълъулазул районалъул делегациялъе нухмалъи гьабуна муниципалитеталъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас. Делегация щвана Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул кабинетазде, хал гьабуна школалде рачинчIезул группаялъе чIезарун ругел шартIазул.

Капиталияб ремонталдаса хадуб, лъайкьеялъул учреждение рагьиялъул хIурматалда, школалъул азбаралда тIобитIана рохалилаб данделъи. Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул цIаралдасан «100 школа» программаялда рекъон Гьарадирихъ гьоркьохъеб школа капиталияб ремонталдаса хадуб рагьи цIалдохъабазда, гьезул умумузда ва мугIалимзабазда баркана муниципалитеталъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас.



«Дагъистаналда кколел руго чIахIиял хиса-басиял. ГIемер батIи-батIиял бутIабазда гIумруялде рахъинарулел руго федералиял ва республикаялъулал проектал. Бакълъулазул район гIахьаллъулеб буго 34 программаялда. Дица гьеб тарих гIорхъилъун рикIкIунаро. Районалъул киналго учреждениязе, росабазул поселениязе,

(Ахир-кIиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



Бакълъулазул районалда кIодо гьабуна Эбелалъул къо

-2 гьум.



РаббигIул аввал моцIалъул хIурматалда - мажлис

-2-3 гьум.



780 чиясе бакI бугеб цIияб мажгит

3 гьум.



ЦIиял трансформаторал лъуна

3 гьум.

# Школалъул тIох лъуна, нуцIби, гордал хисана...

**(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.)** депутатазе, хIаракатчагIазе лъикIаблъун бихьизабун буго проектазда гьорлъе лъугьине, росаби церетIезариялъе гIоло гьабулеб хIалтIулъ гIахьаллъизе.

2018 – 2019 соназ нилъер районалда капиталияб ремонт гьабуна 9 школалда. Районалъул киналго школазул бащдаб къадар ккола гьеб. Цере гьединал программаби рукIинчIо. Дагъистан Республикаялъул бетIер Владимир Васильевасул битIараб политикияб курсалъул хIасилалда нилъер Дагъистан цебетIолеб буго. Бакълъулазул районалъул нухмалъулезул, киналго гIадамазул рахъалдасан баркала загьир гьабула Дагъистаналъул бетIер Владимир Васильевасе «100 школа» программа ва цогидалги проектал риччаралъухъ», - ян абуна МухIамад Хъарагишиевас.

«”100 школа” программаялда гIахьаллъиялъул хIасилалда нижер школа тIубанго хисана. Минаялъул тIох, нуцIби, коридоралъул къадал, мокърокь бакI, чIабар хисана, рукъзал рохьана. Баянаб букIахъе, гьеб проекталда рукIана республикаялъул ва муниципалияб бюджеталъул, спонсоразул кумекалъулал сурсатал. Баркала кьола республикаялъул бетIер Владимир Васильевасе, Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасе, сахаватчи ХIассан Халипаевасе, нижер школа цIигьабун къачIазе квербакъаралъухъ», - ян абуна Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиевас.

Данделъиялда гьединго кIалъазе рахъана районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадов, «Сельсовет “Арадирихский”» росдал поселениялъул бетIер Камил Шапиев ва цогидалги.

ЧIоло къотIиялда гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиев, Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиев ва сахаватчи ХIассан Халипаев.

Ралъдал гьумералдаса 1800 метралъул борхалъуда буго Гьарадирихъ гьоркьохъеб школа. Лъималазе лъай кьезе лъикIал шартIал гIуцIизе хIажатаб хIалалда рукIана гьарадирихъел.

2019 соналъ «100 школа» программаялда гIахьаллъана Бакълъулазул районалъул лъайкьеялъул ункъо учреждение, тIаде лъабгоялъе ремонт гьабуна сахаватчияс. 2018 соналъул ахиралда районалъул лъабго школалъе щвана цIиял микроавтобусал. Гьаб соналъ кIиго школалда рагьана «Точка роста» проекталда рекъон гIадатIанаб технологиялъул кабинетал.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# 400 метралъ цIиял кварал цIана

### ЧIикь школалда хинлъи чIезабиялъе тадбирал гьаруна

**Бакълъулазул районалда ЧIикь аслияб школалда кабинетахъ хинлъи чIезабиялъул халатаб заманалъ квалквалал рукIана.**

Электроэнергиялъул къуват гIунгутIиялъул хIасил букIана гьеб. Школалъул нухмалъулев ГIали ГIалиевас районалъул администрациялда гьарана гьеб масъала тIубаялъе кумек гьабеян.

«ЧIикье электриказул кьокъа бачIана ва трансформаторалдаса школалде 400 метраялъ цIана цIиял кварал. Ток гьоркьоб къотIиялъул хIужаби гьечIо, цIалул кабинетал лъикI хинлъун руго, бищунго аслияб – цIалдохъаби квачалел гьечIо. Школалъул коллективалъул, цIалдохъабазул ва дирго рахъалдасан баркала кьезе бокьун буго районалъул администрациялъул нухмалъулезе ва электромонтажниказул бригадаялъе хехаб хIалтIи гIуцIаралъухъ», - ян абуна ГIали ГIалиевас

**«Гумбет» РИО**

# ГьитIиназги кIудиязги хIухьбахъила паркалда

### Гьоркь Инхоб паркалъулаб зона бан лъугIана

**Бакълъулазул районалъул Гьоркь Инхо росулъ бан лъугIана паркалъулаб зона. Гьеб бана «Дир Дагъистан – санагIатал шагьаралъулал шартIал» абураб проекталда рекъон.**

Районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас хал гьабуна паркалда гьаруралъул хIалтIабазул. Паркалда гIодочIабаралда ккун руго плитаби, лъун руго скамейкаби, къачIан буго лъималазул спортивиябгун расандулеб байдан, чIун руго гьутIби.

Гьебго проекталда рекъон паркалъулаб зона балеб буго ЦIияб Аргъвани росульги. ХIалтIулаб сапаралъ араб заманалда МухIамад Хъарагишиев дандчIвана Килалъ росдал бетIер АхIмад Каримовгун. Гьез дандбана физкультураялъулгун сах гьариялъул комплекс баялъул суал ва хал гьабуна гьеб базе хIисабалде босараб бакIалъул. Хадув МухIамад Хъарагишиев щвана Игьали росулъе ва мини – футболалъул байдан гьабулеб бакIалда хIалтIи гIуцIиялъул хал гьабуна.

**«Гумбет» РИО**

УНЕЛ РУГО РУЧЧАБИ, ГЪЕЖДА ДУНИЯЛГИ ЛЪУН

# Бакълъулазул районалда кIодо гьабуна Эбелалъул къо

**25 ноябралда Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул кIалгIаялда рохалилаб ахIвал-хIалалда тIобитIана Эбелалъул къоялда хурхун байрам. Гьелда гIахьаллъи гьабуна районалъул централъул учреждениязул, гIуцIабазул ва цогидалги росабалъа руччабаз.**




Байрам рагьилалде гIахьаллъаразда бихьизабуна Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул централъул нухмалъулев Набигула АхIмадибировас хIадурараб улбузул къоялда хурхараб видеоролик.

Рохалилаб дандеруссин рагьана ва улбузда байрам баркана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас. Гьарана гьезие щулияб сахлъи, талихI, икьбал. Байрам бачана районалъул культураялъул централъул специалист Раисат УхIумагIалиевалъ. Эбелалъул къоялъул тарихалъул хIакъалъулъ бицана ва улбузда байрам баркун кIалъана районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул бетIерай специалист, Бакълъулазул районалъул руччабазул Советалъул нухмалъулей Загьра ГIабдулаева.

Улбузе лъикIабщинаб гьарарал кIалъаял гьаруна районалъул администрациялъул къайимлъи, тIалаб- агъаз гьабиялъул рахъалъ бетIерай специалист ПатIимат ГIумарахъаевалъ, районалъул централияб больницаялъул гинеколог Мадина Къебедовалъ, районалъул лъималазул библиотекаялъул хIалтIухъан ГIазра Исубилаевалъ. Улбузул къо баркун кIалъазе яхъарай ДРялъул Муфтияталъул лъайкьеялъул отделалъул Гумбеталда йигей хIалтIухъан Асият ХIасанхIажиевалъ рицана эбел-инсул гьабизе кколеб адаб-хатиралъул хIакъалъулъ Аварагасул (с.т.гI.в.) хIадисаздасан цо-цо аятал.

МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъаби Макка Аккубеговалъ, Къурмагъиз УхIумагIалиевалъ, МелъелтIа аслияб школалъул мугIалим Мариям МухIамадовалъ рикIкIана Расул ХIамзатовас, ГIиса Шарапудиновас улбузде гьарурал кучIдул.

Эбелалъул къо кIодо гьабулеб байрамалда цере рахъана МелъелтIа «Бакъ» ясли-ахалъул лъимал, МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул 2-4 классазул цIалдохъаби, школа искусствалъул къурдухъаби.

Байрамалъул ахиралда Бакълъулазул райадминистрациялъул рахъалдасан районалъул руччабазул Советалъул председатель Загьра ГIабдулаевалъ лъимал гIемерал улбузе къуна сайгъатал.

**ГIайшат Исламбиева**

ИСЛАМАЛЪ ГЪАВУЛА ИНСАНЛЪУН ИНСАН

# РаббигIул аввал моцIалъул хIурматалда - мажлис

**Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул залалда тIобитIана жинда жанив МухIаммад авараг (с. т. гI. в.) гьавураб рабигIул аввал моцI кIодо гьабун мажлис.**



Гьенир гIахьаллъана ДРялъул Муфтияталъул хIалтIухъаби Муслим ГIумаров, ХIусен-хIажи, «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиев, районалъул имам МухIамад МухIамадов, росабазул имамзаби, гIицIго МелъелтIаса гурелги, цогидалги росабалъаги жамагIат.

Районалъул имам МухIамад МухIамадовас жиндирго кIалъаялда баян гьабуна диния мажлис байбихьулеб бугин МахIачхъалаялъул аслияб мажгиталъул будун Шамил Батирмирзаевас хирияб Къуръаналъул аят цIалиялдасан ва данделъун ругин хирияб моцIалъ МухIаммад аварагасул (с. т. гI. в.) гIумруялъул бицине, рохел загьир гьабизе.

Шамил Батирмирзаевас Къуръаналдаса аят цIалун хадур кIалъазе рахъана ЦIияб лак районалъул имам Шамил Назиров, Бакълъулазул районалъул Игьали росдал имам ХIасан МухIамадов, ДРялъул Муфтияталъул лъайкьеялъул отделалъул МугIрузул территориалияб округалда вугев нухмалъулев МухIамадгIариф МухIамадов, Дагъистаналъул Муфтияталъул хIалтIухъаби Муслим ГIумаров ва ХIусенхIажи, Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиев,

**(Ахир-лъабабилеб гьум.)**

## РаббигIул аввал моцIалъул хIурматалда- мажлис

(Байбихьи-кIиабилеб гьум.) МелъелтIа росдал имам Исрапил-хIажи ГIизраилов.

КIалъазе рахъараз бицана аварагасул (с. т. гI. в.) гIумруялъулги, гьесдаса (с. т. гI. в.) нилъер щивас мисал босизе рекъараб букIиналъулги, цоцазда гьоркьоб вацлъигун гьудуллъи цIунизе кколеблъиялъулги. ТIадчIей гьабуна гIолеб гIелалъул хьвада-чIвадиялъул, гьезие тарбия кьеялъул масъалабазда, киналго ахIана лъай тIалаб гьабиялде.

ГIалимаз кIвар бусинабурал суаламлъун вагIзабазда рукIана чIухIи, мацIихханлъи, гьибат-бугьтан, гьереси-рекIкI ва цогидалги МухIаммад аварагасе (с. т. гI. в.) рокьуларел рукIарал гIамалал рехунтей. Киназдего хитIаб гьабуна гIамал-хасият куцаялда тIад хIалтIи гьабеян, гьудуллъи-вацлъиялда гIумру тIамеян.

Мажлис махщалида бачана ва хирияв МухIаммадавараг (с. т. гI. в.) вецарал назмаби цIалана «Инсан» фондалъул Хасавюрталда вугев вакил Камил Шайиховас. ВагIзабазда гьоркьо-гьоркьор рихьизарулел рукIана МухIаммад аварагасул (с. т. гI. в.) гIумруялъул, Бакълъулазул районалъул хIакъалъулъ ва цогидалги видеороликал. Мавлидалда чанго нухалъ цебе бахъана «Салатавия» группаялъул къокъа. Мажлисалда гIахьаллъараз лъикI къабул гьаруна мугIалим Майсарат Анварбеговалъ хIадур гьарурал МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул лъабабилеб классалъул цIалдохъаби. Гьел лъималаз рицана МухIаммад авараг (с. т. гI. в.) кIодо гьавурал назмаби, кьуна мажлис бачунев Камил Шайиховасул диналда хурхарал суалазе жавабал. Щвана цIалдохъабазе гьесул рахъалдасан гIарцулал сайигъаталги.

Мажлисалда гIахьаллъана исламияб дин босарай ва ЧIиркъатIаса гIолилавгун гьел къояз данделъарай Асият Юзеева. (Асият абураб цIар дин босун хадуб лъураб буго). Гьелъиеги МелъелтIаса гIолилал ясаз кьуна сайигъат. МелъелтIаса жамагIаталъул рахъалдасан имам Исрапил ГIизраиловас гIарцулаб сайигъат кьуна МахIачхъалаялъул централияб мажгиталда будунлъун вугев росуцояв Шамил Батирмирзаевасе.

Мажлисалъул ахиралда дугIа гьабуна Игьали росдал мажгиталъул имам ХIасан МухIамадовас.

**Къурмагъиз ХIадисова**

## ЦIиял трансформаторал лъуна

**Бакълъулазул районалда басриял трансформаторазул бакIалда цIиял лъолел руго**

**Хаслихълъиялъулгун хасалил заманалда трансформаторазда тIаде цIикIкIараб нагрузка ккеялъ, ай токалдаса пайда босулезул къадар гIемерлъиялъ, техническиял хиса-басиял рукIуна, электроканлъи гьоркьоб къотIиялъул хIужаби ккола. Къуват бугеб цIияб оборудование лъуни гьеб масъала тIубазабизе кIола. Гьанжеялде Бакълъулазул районалъул электросетазул махщалилаз Ингишо, Аргъвани ва ЦIияб Аргъвани росабалъ трансформаторал хисана.**

Районалъул электросетазул бетIерав инженер Камалудин ГIалиевас абуна гьел Игьали, ЛъаратIа, МелъелтIа, Гьоркь Инхо, ЦIаналъ ва Кунзахъ росабалъги хисизе ругилан.



**Хадижат Мазгарова**

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

## Районалъул централда нухалъе ремонт гьабуна

**Бакълъулазул районалъул МелъелтIа росдал централияб нухда ремонталъулал хIалтIаби гьаруна росдал поселениялъул бетIер МухIамад ГIабдунасировасул нухмалъиялда гьоркь.**

ХIалтIухъабаз хасаб техникаялъул кумекалдалъун нухлул ракьандасан лъим жанисан чвахизе рогIрал рекъезаруна.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## 780 чиясе бакI бугеб цIияб мажгит

**Килалъ рагьана лъабтIалаяб Аллагьасул рукъ**

**Гьал къояз Бакълъулазул районалъул Килалъ росулъ 780 чиясе бакI бугеб лъабтIалаяб мажгит рагьана. ЦIияб мажгит бана басрияб мажгит букIараб бакIалда, Аллагьасул рукъ гIатIид гьабун базе жалго бетIергьанаб ракь кьуна гIадамазги.**

ЦIияб мажгит рагьиялда хурхун ва рабигIул аввал моцIалъул хIурматалда тIобитIараб мажлисалда кIалъазе рахъана Бакълъулазул районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиев, Россиялъул хIажмиссиялъул нухмалъулесул заместитель Къурбандибир ГIумарасхIабов, Бакълъулазул районалъул имамзабазул Советалъул нухмалъулев МухIамад МухIамадов, авар мацIалда бахъулеб «Ас-салам» газеталъул редактор ГIабдула МухIамадов, гIалим ГIумарасхIаб Султанов ва цогидалги.

Бакълъулазул районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас, муниципалитеталъул бетIерасул цIаралдасан килдерида баркана мажгит рагьи. Диниял церехъабаз вагIзаби гьаруна. МухIаммад авараг (с.т.гI.в.) гьавураб РабигIул аввал моцIалъул хIурматалда мавлидалги ахIана.

Килалъ росдал бетIер АхIмад Каримовас баян гьабуна мажгит кIиго соналъ бараблъи ва гьеб баялъулъ росдал гIадамалги, росулъа къватIире гочаралги гIахьаллъараблъи.

«Басрияб мажгиталда гIидалъул къоязги, гIемер росуцоял рачIаниги как базе бакI гIоларого букIунаан. Росдал хIаракатчагIаз хIукму гьабуна басриялъул бакIалда цIияб мажгит базе. КIиго соналде гьеб лъугIизабизе кIвана хIаракаталда, свак лъачIого хIалтIи гIуцIиялъул хIасилалда. Мажгит гIатIилъизе жиндирго мина кьуна МухIамад СагIиддибировас. ЦIияб мажгит буго лъабтIалаяб, 780 чи жанив гьуниеб», - ян бицана АхIмад Каримовас.

«Мажгит баялъулъ аслияб бутIа лъуна сахаватчагIи – Россиялъул хIаж-миссиялъул нухмалъулесул заместитель Къурбандибир ГIумарасхIабовас, «УПТК» ОООялъул генералияв директор МухIамад Загьидовас, бакIал ралев чи БатIал БатIаловас. БакI баялъул хIалтIаби курировать гьаруна ГъазихIажи ГIумарасхIабовас, МухIамаднаби ГьалбацIовас, МухIамадгъази Сиражовас ва цогидазги. Киналго килдерицаги кумек гьабуна Аллагьасул рукъ базе. Баркала загьир гьабула киназего. Аллагьас кирилъун хьвайги гьабураб пайдаяб хIалтIи», - ян абуна АхIмад Каримовас ахиралдаги.



**«Гумбет» РИО**

## Киналго росуцояз гIахьаллъи гьабуна

**Килалъ тIобитIана экологиялъулаб субботник**

**Бакълъулазул районалъул Килалъ росулъ тIобитIана экологиялъулаб субботник ва гIадамаз рацIцIад гьаруна къватIал, азбарал, байдаби, гьениса бакIарана рищникъул.**

Килалъ росдал бетIер АхIмад Каримовас бицана росдал поселениялъул администрациялда, мажгиталда ва цогидалги бакIазда сверухълъи бацIцIад гьабиялда росулъ ругел киназго гIахьаллъи гьабунин.

«ТIабигIат цIуни, рацIцIалъи ва низам чIезаби – нухмалъиялъул ва жамгIияталъул хIаракатчилъиялъул кIвар бугел масъалаби ккола. Килалъ росулъ нижеца рацIцIалъи букIинабизелъун, санитарияб хIал лъикIлъизабизелъе ралагьарал хIалтIаби гIемер тIоритIула. Росдал гIадамаз автотранспорт хьвадуледухъ нухал гIатIид гьаризе жидерго рарал бакIал, азбарал къуна. Нижер росулъ жанисел нухаздасан гьанже машинаби хьвадула. СахаватчагIазул сурсатаздалъун росдал аслияб мажгит цIи гьабун бана. Росдал жамгIиял ва социалиял масъалаби тIуразаризе кумек гьабурал киназего баркала загьир гьабула», - ян абуна АхIмад Каримовас.



**«Гумбет» РИО**

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

## ГIазу баниги ХIаригабурлъухъан нух къотIичIо

**«Гумбетовское ДЭП №10» ОАОялъул хIалтIухъабаз хехаб куцалда рацIцад гьаруна нухал гIаздадаса ва цIер чIваларедухъ цIамги салиги щвана.**

Нухазул идараялъе нухмалъулев Малачи Сурхаевас баян гьабуна автотранспорт хIинкъи гьечIого хьвадулеб хIалалъ чIезарун ругин нухал абун.

«ГIаздадаса рацIцIад гьаруна Хасавюрт – Кьохъ нухлул 10 километр. ХIаригабурлъухъ транспорт хьвадизе щибго квалквал гьечIо, нухги къан гьечIо. Гьединго райцентралда, МелъелтIа росулъ жанисел нухалги гIаздадаса рацIцIад гьаруна ва цIамгун сали щвана», - ян абуна Малачи Сурхаевас.

**«Гумбет» РИО**

# «Ярагъ гIарцухъ тIадбуссинаби» операция

**2019 соналъул 1 январалдаса 31 декабралде щвезег1ан, МВДялъул 2018 соналъул 11 декабралъ къват1ибе бач1араб №1662 буюрухъалда рекъон, Дагъистан Республикаялда т1обит1улеб буго «Оружие-выкуп» абураб операция.**

Ярагъ халкъалъухъа бичун нахъе босизе, Дагъистан Республикаялъул хIукуматалъул, 2014 соналъул 24 апрелалда къват1ибе бач1араб (2019 соналъул 4 марталда гьарурал хиса-басиялгун №36) хIукмуялда рекъон ч1езарун руго гьал хадур рехсарал багьаби:

| № | Наименование оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ | Цена |
|---|---|---|
| 1. | Пистолет или револьвер | 45000 |
| 2. | Автомат | 60000 |
| 3. | Пулемет | 75000 |
| 4. | Подствольный гранатомет | 45000 |
| 5. | Ручной противотанковый гранатомет | 45000 |
| 6. | Одноразовый гранатомет или огнемет | 45000 |
| 7. | Винтовка СВД | 60000 |
| 8. | Пистолет-пулемет | 45000 |
| 9. | Охотничий карабин | 9000 |
| 10. | Охотничье гладкоствольное ружье | 4500 |
| 11. | Газовые пистолеты и револьверы отечественного производства | 1500 |
| 12. | Газовые пистолеты и револьверы иностранного производства | 1500 |
| 13. | Пистолеты и револьверы кустарного производства | 3000 |
| 14. | Самодельное стреляющее устройство | 750 |
| 15. | Взрывчатое вещество (тротил, пластид, аммонит, аммонал и др. промышленного изготовления) за 1 грамм | 8 |
| 16. | Взрывное устройство (устройство, включающее в себя ВВ и СВ) | 3000 |
| 17. | Средство взрывания (электродетонатор, капсула-детонатор, взрыватель за 1 шт., огнепроводные и электропроводные шнуры за 1 метр) за единицу | 300 |
| 18. | Штатный боеприпас (выстрелы к артиллерийскому вооружению) | 3000 |
| 19. | Выстрел к РПГ | 3000 |
| 20. | Выстрел к подствольным и станковым гранатометам | 2500 |
| 21. | Ручная граната | 2500 |
| 22. | Мина | 1500 |
| 23. | Патроны и боеприпасы к боевому стрелковому оружию | 15 |
| 24. | Винтовка типа Мосина | 15000 |

Бичун ярагъ нахъе кьезе бегьула Гумбет ОМВДялъул дежурнияб часталде бокьараб заманалда. Нахъе ярагъ кьолеб мехалда гIарза хъвазеги г1арац щвезе ккани кагътал ц1езаризеги кумек гьабула ОМВДялъул х1алт1ухъабаз.

**Шамил Мажидов,**
**Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев, полициялъул подполковник**

# «Гумбет» басма – бакълъулазул тарих

**ХIурматиял районцоял! Байбихьун буго 2020 соналъе газетал ва журналал хъвазе, гьездаго гьоркьоб нилъерго районалъул «Гумбет» газеталъеги подписка гьабизе.**

Гьеб хъвазе бегьула росабазул почалъул отделенияздасанги «Гумбет» газеталъул редакциялдасанги.

**Газеталъул багьа лъагIалие:**
**Почалдасан – 534,48 гъ.**
**Редакциялдасан – 250 гъ.**

**Бащдаб лъагIалие:**
**Почалдасан – 267,24 гъ.**
**Редакциялдасан - 150 гъ.**

**«Гумбет» басмаялъул редакция**

В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ – ЗДОРОВЫЙ ДУХ

# Вирусные гепатиты

**Гепатит – это воспаление печени, вызываемой в основном вирусной инфекцией. В настоящее время известны, пять вирусов гепатита: А, В, С, D и Е, каждый из которых опасен для человека.**

Источником инфекции является - больной человек или носитель вируса без признаков заболевания.

Пути передачивирусов разнообразны:

- при гепатитах А и Е – через загрязненную воду и продукты питания;

- парентеральные гепатиты В, С и D – через кровь, от инфицированной матери к ребенку, при половых контактах, при попадании инфицированной крови на поврежденную кожу или слизистые (бытовые травмы, нанесение татуировок, при прокалывании ушей, пирсинге, маникюре, педикюре, инвазивные косметологические процедуры, проводимые не стерильным инструментарием), внутривенное введение наркотиков шприцами, загрязненными инфицированной кровью, прямой контакт с зараженной кровью при переливании крови.

При остром гепатите могут появляться следующие симптомы: повышение температуры тела, потеря аппетита, слабость, тошнота и рвота, а также желтушное окрашивание кожи и склер глаза. Большинство людей полностью выздоравливает от острого гепатита, однако, по данным ВОЗ, ежегодная смертность от этого заболевания до сих пор составляет примерно 500 000 человек в год.

Длительность инкубационного периода у каждого вируса гепатита разная. Период до выявления первых симптомов вируса гепатитаА составляет около 28 дней, гепатита В – 120 дней, гепатита Е – 30 дней, а гепатита С – от 2 недель до 6 месяцев.

Обычно, по истечении этого времени, человек замечает у себя первые признаки болезни и обращается к врачу. Но так бывает далеко не всегда. Нередки случаи бессимптомного течения болезни или с минимальными проявлениями, в которых трудно заподозрить вирусный гепатит.

Определить и выявить тип вируса можно только с помощью специальных методов – иммуноферментного анализа и ПЦР-диагностики.

Наиболее эффективным способом профилактики гепатитовА и В является вакцинация. Вакцины против гепатитовА и В эффективны и безопасны и применяются во многих странах мира на протяжении многих лет.

Вакцинация против гепатитаВ проводится согласно Национального календаря профилактических прививок. После вакцинации антитела могут сохраняться до 20 лет и более, защита обеспечивается и за счет иммунологической памяти. Иммунизация против вирусного гепатитаА проводится бесплатно лицам из групп высокого риска в рамках календаря профилактических прививок по эпидемическим показаниям: медицинским работникам; работникам в сфере обслуживания населения, занятым на предприятиях пищевой промышленности, в организациях общественного питания, а также обслуживающих водопроводные и канализационные сооружения, оборудование и сети; лицам, выезжающим в неблагополучные по гепатиту А регионы и страны; контактным в очагах гепатита А. В отличии от гепатитаВ, специфическая профилактика гепатита С в настоящее время отсутствует.

Поэтому одним из средств, профилактики гепатитаВ и С остается соблюдение мер предосторожности и правил гигиены:

- во избежание инфицирования членов семьи необходимо соблюдение элементарных правил личной гигиены - индивидуальное пользование зубной щеткой, бритвенным набором, маникюрными принадлежностями, полотенцами;

- не употребляйте наркотики, помимо вреда, наносимого вашему организму, употребление наркотиков, особенно инъекционным способом, увеличивает риск заболеть парентеральными вирусными гепатитами;

- старайтесь не пользоваться услугами неспециализированных и сомнительных заведений. Если Вы пришли в медицинское учреждение, стоматологический кабинет, косметологу обратите внимание на наличие лицензии на медицинскую деятельность, обеспечение надлежащей стерилизации медицинского инструментария;

Избежать заражения гепатитомА можно благодаря частому и тщательному мытью рук с мылом. Все продукты, которые потребляют в сыром виде (фрукты, ягоды, зелень, некоторые виды овощей) следует тщательно мыть перед употреблением в пищу. Воду пить только после кипячения или бутилированную.

Управление Роспотребнадзора по Республике Дагестан рекомендует каждому жителю республики иммунизироваться от вирусного гепатита имеющимися для этих целей вакцинами, поддерживать навыки личной гигиены и активно прививать их детям, избегать контактов и манипуляций, опасных по риску инфицирования.

**Х.М. Джамалдинова,**
**главный врач**
**фФБУЗ «ЦГ и Э»в РД**
**в Ботлихском районе»**

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.